

**SOAL PH BASA JAWA
BAB DRAMA MODERN**

Nama :

Kelas :

Wacanen kanthi premati teks drama ing ngisor iki!

Arep Lunga

Narti : “Ibu punapa siyos tindak sapunika?” (*karo nyedhaki ibune sing lagi setrika*).

Ibu : “Ya, durung ta, Nar, iki isih ngenteni Bapakmu.”

Narti : “Bapak kala wau tindak pundi ta, Bu, ngantos yah manten kok dereng rawuh?” (*mlaku wira-wiri sajak kuwatir*)

Ibu : “Ngendikane mau neng daleme Pak RT, nanging kok ya suwe men!” (*melu-melu ngadheg, sajak melu kuwatir*)

Ora suwe, keprungu swara motor mandheg.

Bapak : “Assalamu’alaikum, walah-walah wis padha ganti klambi ta iki!” (*mlaku karo nyopot helm tumuju ibu lan Narti*).

Nanang : “Ya Allah, Bapak, dirasani ibu karo mbak Narti kok ya mara kondur!” (*melu-melu marani ibu*).

Bapak : “Iya sepurane, iki mau ndadak ngrembug rapat RT kanggo sesuk barang, mulane dadi suwe! Lho ... Narti kok durung salin klambi?” (*karo nyekel pundhak anak wadone*).

Narti : “Kula kesah mangke mawon, niki taksih ngrantos Mas Narno!”

Bapak : “Dadi Masmu sida bali mulih ta saiki!”

Narti : “Inggih, kala wau sampun wangsul, nanging taksih ngeteraken layang titipan dhateng tiyang sepuhe rencangipun.”

Bapak : “Sik dakpanasane sedhela mobile, mengko ibu lan Nanang ndang nyusul.” (*ninggalake ruwang setrikan tumuju garasi*).

Nanang : “Iya-iya, wis ayo, Bu, gek ndang nututi Bapak. Mas Narno karo Mbak Narti ditinggal wae, ben numpak bis!” (*ninggalake ibu lan Narti tumuju garasi nututi bapake*).

1. Watake paraga Ibu, yaiku
 - A. gampang nesu
 - B. ora ngurus
 - C. seneng geger/rame
 - D. sabar lan wicaksana
2. Manut teks drama kasebut, papan panggonane Ibu, Narti, Bapak, lan Nanang nalika rembugan ing
 - A. kamare Nanang
 - B. kamare ibu
 - C. ruwang setrikan
 - D. garasi mobil
3. Struktur teks drama peranan ending saka teks drama kasebut yaiku
 - A. Narti budhal bareng bapake
 - B. Nanang budhal dhisik
 - C. Narti budhal karo Narno

D. Nanang budhal nggenteni Narti

Wacanen kanthi premati pethikan teks drama ing ngisor iki!

Arep Lunga

Narti : “Ibu punapa siyos tindak sapunika?” (*karo nyedhaki ibune sing lagi setrika*).

Ibu : “Ya, durung ta, Nar, iki isih nggenteni Bapakmu.”

Narti : “Bapak kala wau tindak pundi ta, Bu, ngantos yah manten kok dereng rawuh?” (*mlaku wira-wiri sajak kuwatir*)

Ibu : “Ngendikane mau neng daleme Pak RT, nanging kok ya suwe men!” (*melu-melu ngadheg, sajak melu kuwatir*)

4. Latar swasana saka pethikan drama kasebut yaiku

- A. wedi
- B. kuwatir
- C. sedhih
- D. bingung

5. Manut teks drama kasebut, amanat kang bisa dijupuk yaiku patrape anak marang wong tuwa kudu

- A. ngerti marang kahanane wong tuwa
- B. ora ngurus karo kahanane wong tuwa
- C. maidoni marang klerune wong tuwa
- D. wegah nakoni wong tuwa kang sakepenake

Narti : “Ibu punapa siyos tindak sapunika?”
(*karo nyedhaki ibune sing lagi setrika*).

Ibu : “Ya, durung ta, Nar, iki isih nggenteni Bapakmu.”

Narti : “Bapak kala wau tindak pundi ta, Bu, ngantos yah manten kok dereng rawuh?”
(*mlaku wira-wiri sajak kuwatir*)

Ibu : “Ngendikane mau neng daleme Pak RT, nanging kok ya suwe men!” (*melu-melu ngadheg, sajak melu kuwatir*)

6. Pethikan teks drama kasebut yen katilik saka struktur teks kalebu perangane

- A. eksposisi
- B. klimaks
- C. komplikasi
- D. ending

Pacaturan iki ganepana!

Dini : Bu, Ibu. Siyos ... dhateng peken?

Ibu : Iya, sida, Din. Kowe apa ... melu?

Dini : Inggih, Bu. Menawi pareng, kula badhe ndherek.

7. Tembung-tembung kang trep kanggo ngganepi pacaturan ing ndhuwur yaiku....

- A. kesah, badhe

- B. tindak, arep
- C. kesah, arep
- D. tindak, badhe

Bapak lunga menyang Sidoarjo numpak bis.

8. Ukara kasebut yen diowahi dadi krama alus dadi
 - A. Bapak kesah dhateng Sidoarjo numpak bis.
 - B. Bapak tindak dhateng Sidoarjo nitih bis.
 - C. Bapak kesah menyang Sidoarjo nitih bis.
 - D. Bapak tindak menyang Sidoarjo nitih bis.
9. Drama kang umume nyritakake panguripan jaman saiki tuladhane ngenani pendhidhikan, sosial lan liya liyane kuwi dirani drama...
 - A. Tradhisional
 - B. Modern
 - C. Fabel
 - D. Lodrug
10. Budi mlaku alon-alon kanthi ngelamun ing trotoar. Koran saktumpuk digendhong ing pundhake durung ana sing payu. Dina iku ora kaya padatan, paanse nylomot bunbunan nganti gosong. Raine rada gosong, gulune asat , ngelak lan luwe. Swara kendhraan ing prapatan pasar Manukan iku gemrubug nambahi ati susah. Paragraf ing dhuwur miturut struktur teks klebu peragane
 - A. Eksposisi
 - B. Klimaks
 - C. Komplikasi
 - D. Ending
11. Drama iku mujudake komposisi syair utawa gancaran kang diajab bisa nggambarake panguripan lan watak liwat
 - A. crita lisan
 - B. crita tulis
 - C. akting utawa dialog
 - D. akting utawa nembang
12. Ing omahe mbah kuntha kang wis bolong kabeh gedhege lan uga bocor gendhenge akeh bocah cilik sing padha cemruwit. Esuk iku bocah - bocah siap arep budhal ngamen.
 Eko lan Rudi : hahaha...ha ha ha...
 Mbah Kuntha : Heh, iki apa tha? Kok padha rame wae awet mau takrungokake?
 Eko : Iki lho mbah! Ngguyu Ridho sing jarene pengin sekolah supaya bisa dadi dhokter. Apa ora guyu mbah? Hahaha....

Pethikan teks drama ing dhuwur yen katitik saka struktur teks kalebu peranganane....

- A. Eksposisi
- B. Klimaks
- C. Komplikasi
- D. ending

13. Perangan crita kang nepungake (mengenalkan) para paraga ing crita kasbeut, watak wantune, (karakter), latar papan, paggonan, lan wektu dumadine crita, lan minangka wiwitane mlebu ing sajroning crita diarani

- A. eksposisi
- B. komplikasi
- C. resolusi
- D. klimaks

14. Struktur teks drama sing ngrakit perkara/masalah rakitan crita drama wiwit awal nganti akhir diarani

- A. tema
- B. tokoh
- C. plot
- D. amanat

Pak Handoko : O, Nak Rizki , kene lungguh kene, rak ya padha slamet, ta?

Rizki : “ Inggih, Pak, Mugi Bapak ugi makaten”.

Pak Handoko :”Ana wigati apa iki?.

Rizki :”

15. Wangsulani pun Rizki ingkang trep inggih menika... .

- A. Sowan kula menika dipunutus bapak Sujono. Panjenengan dipunaturi rawuh dhateng dalemipun saperlu wilujengan pengetan sewu dinten sedanipun simbah Suta.
- B. Sowan kula menika dipunaturi bapak Sujono, Panjenengan dipunaturi rawuh dhateng dalemipun saperlu wilujengan sewu dintenipun simbah Suta.
- C. Rawuh kula menika dipun utus bapak Sujono , jenengan diken wilujengan wonten dalemipun simbah Suta
- D. Sowan kula menika dipunutus Bapak Sujono. Panjenengan dipun aturi dugi wonten daleme saperlu wilujengan sedanipun Mbah Suta.

Gatekna pethikan pacaturan iki!

Doni :

Mas Galih : Roti iku mau digawa Reni.

16. Pitakonane Doni sing bener yaiku

- A. Mas, sampeyan ngerti roti ing meja?
- B. Mas, panjenengan pirsani roti ing meja?
- C. Mas, sampeyan ngertos roti ing meja?
- D. Mas, panjenengan ngerti roti ing meja?

17. *Raka lan Dhimas*

Ing sawijining dina ana keluarga kang urip tentrem. Ananging anak-anake padha nakal lan angel diatur. Pak Prasaja sing wis dhudha bingung mikirake anake amarga kerep gawe prakara lan nyusahake wong tuwa.

Pak Prasaja : Eyang, sonten-sonten ngeten niki sekecane napa nggih?

Eyang Kakung : Ya kene, lungguh crita-crita ae. Lha iki maeng anak-anakmu nang endi ?

Pak Prasaja : Duka, teng pundi (melu lungguh ing sandhinge eyang)

Eyang kakung : Jenenge bocah lek gak dolan paling ya turu

Pak Prasaja : Lha nggih niku kula mumet mikirne bocah kok pecicilan. Dikandhanana nggih boten nggugu. Saben dinten boten purun ngrencangi bapake resik-resik griya.

Eyang Kakung : Heem, sabar ae yo le. dikandhani sithik-sithik rak yo isa mari(mesem)

Pak Prasaja : Alah nggih pun Kung...kula adus riyin(mlebu njero omah)

Mara-mara sing diomongake teka. Ing awake akeh kringet amarga tas dolanan bal-balan

Raka : Yes, maeng menang

Dhimas : Aja marem mengko nek kalah nesu

Raka : Awakmu ngenyek apa piye

Dhimas : He he he...ora, Mas.

Eyang kakung : Wis-wis...ngono ae kok yo udur-uduran. Teka endi awakmu maeng?

Dhimas : Alah biasa Yang, wong nom ya ngene iki.

Eyang Kakung : Weh-weh lekas ndhugal awakmu Le.

Raka : Ndhugal priapun Yang?

Eyang kakung : Ya adhikmu kuwi lekas ora sopan karo mbahe.

Dhimas : Nggih Yang kula nyuwun pangapunten

Eyang Kakung: Ya,sing penting aja dibaleni. Ya wis eyang arep leyeh-leyeh dhisik. Nandang adus kana.

Raka : Nggih Eyang (mlebu karo ditututi Dhimas)

Sawise kuwi Pak Prasaja karo Eyang Kakung ngrembug kepriye carane supaya bocah loro kuwi patrape bisa owah dadi apik. Banjur eyang kakung nduwe panemu supaya digawa

menyang panti asuhan

Pak Prasaja : Eyang lare-lare bidhal rumiyin. Eyang wonten ndalem kemawon nggih
(ngelus-elus pundhake eyang)

Eyang Kakung : Ya, wong tuwa ngene iki arep piye maneh. Arep neng endi-endi wis ora
kuwat. Ya wis budhala, singa ti-ati!

Pak Prasaja : Inggih eyang, wonten lebet wonten sekul kaliyan sup menawi badhe dhahar
Raka, Dhimas : Paaaaak, ndang ta. Arep nyang endi iki ? (mbengok-mbengok ing njaba
omah)

Eyang Kakung : Alah Le, aja bengok-bengok. Kupinge Eyang karo Bapak isih normal lho

Pak Prasaja : Boten napa-napa Yang, mangke nggih sadhar piyambak

Pak Prasaja lan anak-anake budhal menyang Panti asuhan. Neng kana akeh bocah-bocah
kang kekurangan lan cacat.

Pak Prasaja : Le, Bapak maeng ngajak rene ben awakmu eling, ngerti karo tumindakmu.

Raka : Tumindak sing piye ta Pak

Pak Prasaja : Ya tuladhane caramu ngomong karo Bapak ora sopan.

Dhimas : Lha kanca-kancaku nggih ngaten lho Pak.

Pak Prasaja : Le, kabeh ki aja manut kanca. Nuladhaa kanca ya sing apik ae. Ngono kae
sawangen bocah ora nduwe wong tuwa. Lek awakmu ngono, piye Le kira-kira? (nuding
salah siji bocah ing panti asuhan)

Raka : Nggih ngapunten, Pak kula kaliyan adhik kathah lepat kaliyan panjenengan lan
eyang.

Pak Prasaja : Ya, wis. Bapak pengen awakmu kabeh berubah dadi wong becik. Awakmu
kabeh ya pengen ta?

Dhimas : Inggih, Pak.

Pak Prasaja : Lha iya wiwit saiki elinga ta Le, apa ora mesakne Bapak lan Eyang ta?

Raka, Dhimas : Inggih Pak kula janji badhe berubah

Sawise kedadeyan kuwi bocah loro dadi bocah sing becik atine lan tumindake. Saben dina
ngrewangi Bapake resik-resik omah. Kadangkala nggawe apa wae kang bisa dadi dhuwit
karo direwangi eyang kakunge.

17. Pranyatan sing bener miturut teks drama ing dhuwur yaiku

- A. Raka iku putra mbarepe Pak Prasaja.
- B. Sing maggon saomah karo Raka ana wong lima.
- C. Bu Prasaja tunggu omah, ora ndherek menyang Panti Asuhan

D. Lunga menyang Panti Asuhan iku panemune Eyang Kakung

18. Pesen moral saka teks drama ing dhuwur yaiku ...

- a. Kabeh wong bisa dadi becik yen gelem nyadhari tumindake
- b. Wong sing menang ora bisa kalah maneh
- c. Karo wong tuwa kudu manut apa wae sing dikandhakake
- d. Karo sedulure ora oleh kalah yen dolanan

- 1. nemtokake tema
- 2. nggatekake swarane
- 3. nggatekake mimike
- 4. nemtokake paraga lan watake
- 5. nemtokake alur, lan adhegan

19. Saka daftar ing dhuwur sing nuduhake bab kang kudu digatekake nalika nulis drama yaiku ...

- a. 1, 2 lan 3
- b. 1, 4 lan 5
- c. 2, 4 lan 5
- d. 3, 4 lan 5

20. Pacelathon sing dilakokake siji paraga diarani

- a. prolog
- b. dialog
- c. epilog
- d. monolog